



Prèske tout moun kap viv Ozetazini afekte nan sistèm Sekirite Sosyal—oswa lè yap travay epi peye taks oswa lè yo resevwa benefis Sekirite Sosyal. Yo fè peman benefis Sekirite Sosyal pou travayè ak fanmi yo ki elijib lè travayè a pran retrèt li oswa si li vin malad/enfim. Peman benefis sivivan yo ka fèt pou manm fanmi ki elijib lè yon travayè mouri. Tiliw sa a ap ba ou enfòmasyon sou benefis pou retrèt ak sivivan yo. Pou plis enfòmasyon sou benefis pou maladi/enfimite, kontakte Sekirite Sosyal pou jwenn piblikasyon *Benefis Pou Maladi/Enfimite* (Piblikasyon nimewo 05-10701-HC).

Moun ki gen omwen 65 lane oswa plis, ki avèk oswa malad/enfim ka elijib pou peman Supplemental Security Income (SSI, Revni Sekirite Sipleman). SSI ofri peman pou moun ki pa touche gwo revni oswa ki pa gen anpil byen. Pou plis enfòmasyon sou SSI, mande Sekirite Sosyal yon kopi piblikasyon, *Peman Revni Sekirite Sipleman*, (Piblikasyon Nimewo 05-10702-HC).

Ane travay ou yo

Ou pa bezwen yon sitwayen ameriken pou jwenn benefis Sekirite Sosyal. Si ou gen otorizasyon legal pou ou travay Ozetazini, ou ka travay kote ki gen garanti sistèm Sekirite Sosyal la. Lè ou ap travay, ou ka genyen tou garanti pou benefis asirans medikal Medicare.

Pandan ane ou ap travay la yo, ou ap peye taks Sekirite Sosyal sou salè ou. Si ou travay pou yon lòt moun, travay ou ap peye menm kantite lajan pou taks Sekirite Sosyal sou non ou. Si ou se yon travayè endepandan, ou ap peye pati taks anlwayè ak pati taks patwon an. Nimewo Sekirite Sosyal ou sèvi pou swiv tras salè ou nan yon dosye Administrasyon Sekirite Sosyal konsève sou non ou. Menm si ou chanje travay, ou ap kontinye itilize menm nimewo Sekirite Sosyal sa pou jwenn benefis sou dosye salè ou.

Paske benefis Sekirite Sosyal ou baze sou salè ou touche pandan karyè travay ou, li enpòtan pou ou toujou itilize menm nimewo Sekirite Sosyal la epi pou asire tout travay ou pase yo fè dediksyon taks Sekirite Sosyal sou salè ou. Ou ka verifye si tout salè ou anrejistre depi ou li Etadkont Sekirite Sosyal nou voye ba ou chak ane. Etadkont ou ap endike ou tou yon estimasyon montan lajan benefis retrèt ou, benefis pou maladi enfimite ou ak benefis ou kòm sivivan sou dosye Sekirite Sosyal ou.

Benefis Retrèt

Pifò moun bezwen travay pandan omwen 10 lane nan travay kote yo tap peye taks Sekirite Sosyal pou yo ka ranpli kondisyon pou benefis retrèt. Si ou te fèt anvan 1929, ou bezwen mwens pase 10 lane travay. Kantite lajan benefis retrèt ou baze sou salè total ou nan sistèm Sekirite Sosyal la. Plis salè ou ye, plis l benefis retrèt ou ap pi gwo.

Benefis retrèt Sekirite Sosyal la ka peye nan laj 62 lane. Men tou, kantite lajan benefis ou nan laj lè ou gen 62 lane mwens pase sa li ta ye si te kòmanse benefis retrèt ou lè ou te gen plis pase 62 lane. Tout kantite lajan benefis ou peye a 65 lane si ou te fèt anvan 1938. Lwa Sekirite Sosyal te chanje tanzantan pou ogmante tout laj retrèt la jouk li rive 67 lane. Chanjman sa a afekte moun ki te fèt an 1938 oswa apre.

Kèk manm fanmi ou ka elijib pou yo resevwa benefis Sekirite Sosyal selon dosye travay ou. Mandanm ou oswa mari ou ka resevwa benefis yo lè yo gen 62 lane, oswa menm pi bonè si lap pran swen pitit ou kap resevwa benefis tou sou dosye ou. Si ou te marye pandan omwen 10 lane, ansyen madanm oswa ansyen mari ou ka elijib pou resevwa benefis yo.

Timoun yo ka resevwa benefis Sekirite Sosyal lè yo gen 18 lane oswa 19 lane si yo nan lekòl elemantè oswa lekòl segondè. Timoun ki gen plis pase 18 lane ka resevwa benefis yo si yo malad/enfim oswa si maladi/enfimite yo te kòmanse anvan yo gen 22 lane.

Lè ou ap enskri pou retrèt, ou ta dwe pale avèk yon reprezantan Sekirite Sosyal yon lane anvan ane ou ap planifye pou pran retrèt ou. Se paske règ yo konplike, epitou sa ka nan avantaj ou pou ou kòmanse resevwa benefis retrèt ou anvan ou sispann travay nan moman an.

Benefis Sivivan

Lè yon travayè mouri, manm fanmi li ka anmezi pou resevwa benefis Sekirite Sosyal chak mwa. Kantite tan travay ki nesè pou peye benefis sivivan yo depann de laj travayè a nan moman li mouri a. Sa ka yon lane edmi pou yon jèn travayè. Okenn travayè pa bezwen plis pase 10 lane.

Yon vèf oswa vèf ka resevwa benefis yo lè li gen 60 lane, oswa menm anvan sa si li ap pran swen yon timoun k ap resevwa benefis tou sou dosye ou. Yon vèf

oswa vèw ki malad/enfim ka resevwa benefis yo lè li gen 50 lane. Yon vèw ki divòse oswa yon vèw ki divòse ka elijib tou pou li resevwa benefis yo.

Timoun yo ka resevwa benefis si yo gen 18 lane oswa 19 lane si yo nan lekòl elemantè oswa lekòl segondè. Timoun ki gen plis pase 18 lane ka resevwa benefis yo tou si yo malad/enfim epi si maladi/enfimite yo te kòmanse anvan yo gen 22 lane.

Pou resevwa benefis kòm sivivan, ou ta dwe aplike san pèdi tan nan moman ou elijib la.

Medicare

Medicare se plan asirans medikal pou moun ki gen 65 lane oswa plis, moun ki poko gen 65 lane epi ki malad/enfim epi ki gen ensifzans renal pèmanan oswa ki gen Eskleroz Amyotrofik Lateral (li rele tou maladi Lou Gehrig).

Si ou deja resevwa Sekirite Sosyal lè ou gen 65 lane, garanti Medicare ou ap kòmanse otomatikman. Si ou poko resevwa li, ou ta dwe kontakte Sekirite Sosyal apatde (2) oswa twa (3) mwan anvan ou gen 65 lane pou anwole nan Medicare.

Ki dokiman ou ap bezwen?

Pou montre ke ou elijib pou Sekirite Sosyal epi pou ede nou deside kantite lajan benefis ou ta dwe resevwa, gen kèk dokiman nou ka mande ou pou pote. Dokiman ou ap bezwen yo depann de sitiyasyon reklamasyon ou. Men yon lis dokiman ou ka bezwen lè ou ap enskri pou Sekirite Sosyal:

- Kat Sekirite Sosyal ou (oswa yon dokiman ki gen nimewo ou);
- Batistè ou;
- Batistè pitit ou yo (si yap aplike);
- Prèv ou se sitwayen ameriken oswa yon etranje legal si ou pat fèt Ozetazini (oswa yon pitit ou kap aplike);
- Batistè ak nimewo Sekirite Sosyal konjwen madanm/mari ou si lap aplike pou benefis yo selon dosye ou;
- Yon sètifika maryaj (si ou ap enskri sou dosye madanm/mari konjwen ou);
- Papye ke ou libere nan sèvis militè si ou te nan sevis militè; epi
- Dènnye fòm W-2 ou oswa dènnye fòm taks ou, si ou se yon travayè endepandan.

Sa se yon lis pasyèl pou ede ou pare. Nap fè ou konnen si gen lòt dokiman ki nesese lè ou ap ranpli fòm reklamasyon ou.

Men Yon Pwen Enpòtan: Ou ap bezwen soumèt dokiman orijinal yo oswa kopi sètifye ki sòti nan biwo ki founi yo. Ou ka voye yo nan lapòs oswa ou ka pote yo nan Sekirite Sosyal. Nap fè kopi yo epi nap retounen dokiman yo ba ou. Si ou pa gen tout dokiman ou bezwen yo, pa pran reta pou ou enskri pou Sekirite Sosyal. Nap ede ou jwenn enfòmasyon ou bezwen yo.

Kontakte Sekirite Sosyal

Pou plis enfòmasyon epi pou jwenn kopi piblikasyon nou yo, vizite wèbsayt nou nan www.socialsecurity.gov oswa rele gratis nan nimewo telefòn **1-800-772-1213** (pou moun ki pa tande oswa ki tande di, rele nan nimewo TTY nou a, **1-800-325-0778**). Nou ka reponn kesyon espesifik yo, nan lè 7 dimaten jiska 7 diswa, lendi pou vandredi. Nou bay enfòmasyon tou nan yon sèvis telefòn otomatik ki fonksyone 24 èdtan pa jou.

Si ou bezwen yon entèprèt pou regle afè Sekirite Sosyal ou, nou ka fè ou jwenn youn gratis. Sèvis entèprèt yo disponib ni pou lè ou ap pale avèk nou nan telefòn, ni pou lè ou vini nan biwo Sekirite Sosyal. Rele nan nimewo telefòn gratis nou a **1-800-772-1213**. Si ou pa pale Angle, peze 1 epi rete sou liy lan pou jouk lè yon reprezantan reponn. N ap kontakte yon entèprèt pou ede ou. Si afè ou a pa ka fin regle nèt nan telefòn, n ap pran yon randevou pou ou nan yon biwo lokal Sekirite Sosyal, epi n ap fè aranjman pou yon entèprèt ki pale Kreyòl prezan nan moman vizit ou.

Nou trete tout apèl yo avèk konfidansyalite. Nou vle asire tou ke ou resevwa bon jan enfòmasyon avèk jantiyès. Se pou rezon sa a genyen yon dezyèm reprezantan Sekirite Sosyal pou kontwole kèk apèl telefonik.